
# Tànk-ndànk

WOLOF

CE1

Jéego
7

Téere
4




République du Sénégal

Ministère de l'Education nationale

Vente interdite

République du Sénégal
Ministère de l'Education nationale

# Wolof

# Tànk-ndànk

## Jéego 7 Téere 4

Édition 2019
Réimpression 2020

USAID
DU PEUPLE AMERICAIN

Avis de droit d'auteur : ©2016-2021 projet Sénégal Lecture Pour Tous pour l'Agence des États-Unis pour le développement international (USAID), contrat USAID n° AID-OAA-I-14-00055/AID-685-TO-16-00003, géré par Chemonics International. Tous droits réservés. Cette aide provient du peuple américain et est financée conjointement par l'USAID et le gouvernement du Sénégal.

Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO licence (CC BY 4.0 IGO) http://creativecommons.org/licenses/by/4.0/igo. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce travail y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées de la licence CC BY.

# Li téere bi ëmb

Roqaya, beykat bu xareñ ........ 4

Mbey mi, càmm gi ak napp gi. ........ 15

Sunu ekool ........ 27

Matale ak yaxanal ndox ........ 39

# Roqaya, beykat bu xareñ




Tànta Roqaya, jigeen ju rààññeeku la ci diwaanu Luga. Am na tool bu yaatu ci gox bi mu dëkk. Tey ci suba, ay elew yu ànd ak seen jàngalekat bu jigeen, ñëw nañu seetsi ko. Ñoom ñépp, dañu ñëw nemmeekusi toolu Tànta Roqaya. Elew yi, ñu ngi jànge ci ekool bi ci biir dëkk bi. Tànta Roqaya itam foofu la jànge. Kontaan na, ci li mu dalal elew yi ak seen madam. Jàpp na ni itam, mbooloo mi ñëw seetsi toolam, sargal nañu ko.

Bi mbooloo mi egsee, Tànta Roqaya ne : « Xale yi, nan ngeen def ? » Elew yi tontu : « Noo ngi fi rekk ! » Tànta Roqaya ne : « Maa ngi tudd Roqaya Njaay, waaye, samay jegeñaale ñu ngi may woowe Daba. » Ci kanam tuuti, Roqaya ànd ak elew yi ak seen jàngalekat, di wër toolam bi. Loolu neexoon na ko lool.



Roqaya di jigeen ju jàmbaare, wër na ak ñoom ci biir tool bi, ay yooni yoon. Won na leen lépp li muy bey ci biir tool bi. Won na leen itam, njureef li mu fa Jële. Ci yoon wi, benn elew ne ko : « Tànta Roqaya, sa tool bi réy na lool te rafet. Ndax mën nga noo wax, naka nga def ba am tool bu réyee nii ? Tànta Roqaya àddu ne : « Damaa yàgg a liggeey, moo tax ma am njureef lii. Ci seen ekool laa jànge ba kalaasu CM2. Bi ma demee ba tollu ci séy, ci laa am jëkkër. At yu jëkk yi, ci sama séy, ci liggeeyu kër gi rekk laa doon yëngu. Benn bés, ma ni dinaa soppi doxalin. Ci laa ne damaa bëgg a liggeey. » Ci laa dem waxtaan ak sama jëkkër ak samay goro, ci liggeey bi ma bëg a def. Naka noonu, ma dogu ne, dama bëgg a daan sama doole ci wàllu mbey. »






Roqaya tàmbalee wax gone yi, fi mu jaar ba egsi fii. Mu ne leen : « Maa ngi tàmbalee mbey mi, ci benn tool bu tuuti, bu ma sama goro bu góor mayoon. Dama doon faral di ji ay xeeti dugub. Saa yu garab yi màggee, ba doom yi ñor, ma góob. Lii, ma jaay, lee, ma dunde. Mën naa wax sax ne mbeyum dër laa doon def, di góob noor ak nawet. Doon naa faral di am xaalis ci biir at mépp. Ca njëlbeen, dama doon bey tuuti lujum. Su ñu ñoree, ma jaay leen. Daan naa jëfandikoo ab kàrne. Doon naa ci bind lépp lu ma jaay ak lépp lu ma génne jëmale ko ci wàllu deppaas. Moo tax bés bu nekk, ma xam liy dugg ak liy génn. Ci noonu, laa jànge ni ñuy saytoo koppar. » Mu rax ci dolli ne : « Bi ñu ci tegee ay weer, koppar yi may jële ci mbey mi gën a bari. »



Roqaya yokk ci ne : « Sama liggeey bi dafa mujj gën a dox. Ci laa dem ci njiitu komin bi, ñaan, ñu mayaat ma suuf, ndax ma gën a wuutale mbey mi. Bi tànta Roqaya di faramfàcce fi mu jaar, xale yi ñu ngi ne woon tekk, di ko déglu bu baax. Ci saa si, ñépp déggando riiru moto-pomp Tànta Roqaya. Moom ci boppam ne : « Gis ngeen ! pomp bii mooy suuxat garab yi. Aka am njariñ. Xoolleen ! Bu ndox mi génne, ci tiwo yi, ci saa si, dafay dugg ci biir mbalka yi. Tiwo yooyu, jóge ci mbalka yi, ñoom lañu teg ci diggante garab yi. Dañu am ay bën-bën yu sew. Bën-bën bu nekk, genn-wàllu meetar a dox digganteem ak moroomam. Ndox miy jóge ci tiwo yooyu, dafay jaar ci bën-bën yi, di toq, di roose garab yi. Mu nekk pexem roose muy yaxanal ndox, di guusal, saa su ne, taatu garab yi. »




Roqaya waxaat : « Sama tool bi, dafa yokku, moo tax liggeey bi nar naa gën a metti bu fekkee amuma pomp. Moto-pomp bi, dina wàññi coono dem di rooti ndox ngir roose garab yi. Ma xamal leen ni man rekk, mënumaa def liggeey bépp. Loolu moo tax ma wax xale yu góor yi ak yu jigeen yi ci dëkk bi, ñu ñëw jàppale ma. Payoor bi, du nekk xaalis. Liy seen payoor mooy, su lépp ñoree, ma jox leen ci dara ñu jaay ko, féetewoo ko. » Ginnaaw bi Tànta Roqaya waxee ba noppi, benn elew laaj kàddu gi, ne ko : « Seetlu nanu ni lujum yi nga bey, lujum yu baax lañu. Ñoo gën a réy lujum yi ñuy faral di gis ci màrse bi. Tànta Roqaya ne ko : « Li ko waral mooy, dañuy def ci tool yi tos gu ñuy defare fii. Tos dafay tax suuf si gën a nangu. Dafay dundal garab yi. Loolu mooy tax ba lujum yi gën a réy. »




Roqaya delluwaat, waxaat xale yi, ni ñuy defare tos. Ci la leen wax : « Kuy defar tos dangay jëkk a gas am pax def ci mbalit mi bàyyeeko ci kër gi. Waaye nag bàyyileen xel ci lii ! Bu ngeen dajalee mbalit mi ba noppi, génneleen lépp lu xeetoo ak palastig, mbuus, añs. Lépp luy weñ walla yax itam génneleen ko ci mbalit mi. Ndaxte yooyu ñu génne yépp, duñu soppeeku. Te su ñu soppeekuwul, dañuy yàq tos gi. Bu loolu weesoo, nga jaxase mbalit mi ak tosu mala. Boo ko yëngalee ba noppi, nëpp-nëppal ko, muure ko am mboob. Mboob mi, dina tëye guusaay bi ak lëndëmaay bi nekk ci biir pax yi. Loolu dina gën a mën a nëbal mbalit mi. Leegi nag, desul lu dul di roose mbalit mi lu bari, di ko yëngale furset, yenn saa. Soo xaaree ba mu mat juroomi weer, ci ngay am nag tos. Mu nekk tos gu ñiy suy ci tool bi. »






Ci defar gi muy defar tos gi,Tànta Roqaya bokk na ci ñi tax dëkk bi set. Dafa jël ay boroom sareet, di leen liggeeyloo, ñuy wër koñ yi, di dajale ak a tonni mbalit mi. Bu mbalit mépp dajee, ñu dugal ko ci biir pax yi. Leegi nag, amatul menn mbalit muy taxawaalu ci biir dëkk bi. Moo tax feebar yi wàññeeku nañu. Loolu itam, ngañaay la ci Tànta Roqaya ndax jëndatul ca isin ba, àngare bu muy def ci toolam. Loolu tax na mu gën a am xaalis. Tànta Roqaya jëlaat kàddu gi ne : « Gis ngeen batimaa bale, def naa fa benn isin bu ndaw. Dina soppi meññeef yi ak lujum yi. Moo tax, maa ngi defar ndoxum bisaab, di ko jaay otel yi, ak gan yiy jóge bitim réew. Dinaa ci jaay itam ñi nekk ci dëkk bi, yor ay bitig. Dinaa defar itam kóofitiiru tamaate ak bu màngo. Waa dëkk bi bëgg nañu ko lool. Lu mu gën a yàgg, limu li may defar di gën a yokk. »



Roqaya waxaat, ne : « Àntarpiriis bu ndaw bii, dina mas a nekki isin bu mag. Bu boobaa, dina soppi lujum yi ak meññeef yi. Bu loolu weesoo, ñu wëlbati leen ñu nekk ndoxum bisaab walla ndoxum màngo. Dina tax ma mën a jox am xéy mu wóor janq ji ak xale yu góor yi ci sama gox. Fi mu nekk nii, àntarpiriis bu ndaw bii, kenn ci sama jarbaat yu jigeen yi, moo koy saytu. Man, duma def lu dul topp di xool liggeey bi ak xaalis biy dugg ak a génn. » Jàngalekat bi, bi mu jëlee kàddu gi, ci la wax ak Roqaya. Mu ne ko : « Ginnaaw dëkk bi amul kuraŋ, naka nga def ba sa moto-pomp bi di dox ? » Ci saa si, Roqaya ñaan mbooloo mi, ñu topp ko, ci ginnaaw batimaa bi. Ci la tàmbalee ne : « Damaa samp ay pano soleer ngir am kuraŋ. Céy jant bi, wii wërsëg, ci nun ñi dëkk Afrig sowu jant ! Jant bi dafa ame kuraŋ bu dul jeex. Melul ni gaas bi walla petorol biy jeexi yàgg-yàgg. Saa su ñu jeexee, nga wutiwaat leen. »



Jàngalekat bi, rax ci dolli, ne : « Ak jant bi, ku nekk mën ngaa am kuraŋ, te doo fay dara. Ndaxte kuraŋ boobu, ñépp a ko bokk, te du mas a jeex. Ñépp a ci mën a jariñoo. » Bi Tànta Roqaya jëlee kàddu gi, dafa dëggal li jàngalekat bi wax. Ci la Tànta Roqaya waxe : « Seen jàngalekat bi, wax na dëgg. Ma xamal leen ni, Góornamaŋ bi, leegi mu ngi ñaax askan wi, ñu jëfandikoo kuraŋ biy jóge ci jant bi. » Mu yokk ci ne : « Beneen yoon, dingeen mën a nemmeeku Kureel gi ŋànk céddalem kuraŋ bi ci gox-goxaan yi. » Bi wisit bi jeexee, jàngalekat bi may xale bu nekk mu dem xooli li mu bëgg a xool. Balaa xale yi ak seen madam di ñibbi, dajewaat nañu ak Tànta Roqaya. Ci la Adel mi bari kersa, jël kàddu gi, ne : « Tànta Roqaya, wisit bii ñu def, jëlee naa ci xalaat. » Tànta Roqaya ne ko : « Waaw kumba, ban xalaat ngay wax ? Adel, kontaan, muuñ tuuti, balaa muy tontu. »



Adel ne : « Ndax mën nanu defar benn sàrdeñ ci biir ekool bi ? » Tànta Roqaya tontu, ne : « Waawaaw, mën na nekk kay. Seen Madam dina leen jàppale ci ngeen bey ci sàrdeñu ekool bi, karoot, suppome, nawe, añs. Mën ngeen jëmbët ay garab ci ëttu ekool bi ak feneen fu wër ekool bi. Maa leen dimbalee jiwu wii. Ñi may liggeeyal itam ci sama tool bi, dinañu ñëw yenn saa, jàppale leen ci sàrdeñ bi. Xalaatu Adel bi, kontaanloo na elew yi ba ñu jóg, di fecc ak a tàccu. Bi ñu ci tegee ay weer rekk, elew yi defar benn sàrdeñ. Xale yu jigeen yi ak xale yu góor yi ci dëkk bi, jàppale nañu elew yi ci defar gi. Liggeeykati Tànta Roqaya yi itam, jàppale nañu elew yi ci sàrdeñ bi. Lenn ci lujum yi ñu jëkk a góob ci mbey mi, ekool bi dafa leen jaay ay jaaykatu lujum. Leneen li ci des, suba gu nekk, ngir waajal añu xale yi, ñu yokk ko ci nduggu kàntinu ekool bi. Lii tax na ba toggu ekool bi gën a neex. Xaalis bi nu jëlee ci njaayum lujum mi, Komite biy Saytu Ekool bi, moo koy denc. Defar nañu ci sax, taabal-baŋ yi yàqu woon yépp.

# Laaj yi

1 Bi xale yi ak seen Madam demee seeti Roqaya, ndax Roqaya kontaanoon na ?

2 Ndax jëkkër ji Roqaya am, yàqal na ko liggeeyam ?

3 Lan moo tax toolu Roqaya bi baax lool ?

4 Lu tax lujum yi ci toolam bi di gaaw a ñor ?

5 Sàrdeñu ekool bi, yan njariñ la amal ekool bi ?

# Mbey mi, càmm gi ak napp gi



# Mbey mi, Càmm gi ak Napp gi



Mbey mi, ci Senegaal, am na solo lool. Su nu bëggee mbey mi baax, war nanu am suuf su baax ak ndox mu doy. Dinanu soxla itam ay nit yuy liggeey ci tool yi. Fii ci Senegaal, nit ñiy dunde mbey bari nañu. Téemeeri nit yoo jël, juroom-ñaar-fukk yi, mbey lañuy dunde. Am na ñaari xeeti mbey. Wi ci jëkk mooy, mbey mi ñuy dunde, ñu di ko wax, bey dunde (dugub, mboq, ceeb). Weneen xeetu mbey mi mooy : bey ba noppi, jox ko isin yi. Isin yu mel ni Sonaakos, Sodefiteks ak isin biy defar suukar si, añs. Mbeyum gerte, wëtteen, ñàmbi-suukar ak tamaate, dina tax isin yiy defar saabu, wëtteen, suukar, ay poti tamaate, añs. Am na itam yeneen ñaari mbey yu ñuy woowe mbeyum dër ak mbeyum garab yi ñuy lekk doom yi. Ñaari mbey yii, askan wi dinañu ci dund, waaye am na lu ñuy yóbbu bitim réew. Ci dexu Ndar ak gu Kaasamaas, ndox mi leeg-leeg ñu jëfandikoo ko ngir roose tool yi. Waaye nag, mbey am na ay jafe-jafe. Ci misaal : Suuf su wow si, ñàkk a taw gi ak nàkk jumtukaay yu baax, dina yàq mbey mi.



Mbey mi leegi, dafa laaj nga am ndox, suuf su nangu ak ay jumtukaay yu baax. Maanaam su suuf si dëgëree torob, dina jafe lool nga bey fa gerte walla dugub. Su nooyee te nangu, boo fa jiwee gerte, dugub, walla ñebbe, dinga deqi walla góob lu bari. Maxari, di beykat ca kër Sàmba Njambaan, xam na loolu. Beykat bu am pas-pas la, te fonk tool yi lool. Dafay teel a jóg ci jafe-jafe yiy gàllankoor toolam yi. Bu nawet bi desee ñetti weer, mu tàmbali ruuj ñaari toolam yi. Benn bi mu ngi nekk ci dëkkam, beneen bi nekk ci dëkku yaayam, Kumbija. Soo ko fekkee ci toolam, mu ngi sol ab tengaade, téye hilleer bi. Suba ak ngoon, mu ngi ci tool yi. Su tawee ba suuf si tooy ba lóor, bés bu nekk Maxari dafay dem tool. Bu eggee, ji gerte ci toolam ba ca kër Sàmba Njambaan, ji dugub ci tool ba ca Kumbija. Bu gerte gi demee ba tàmbalee sax, Maxari suy tos ak àngare ci tool yi. Masin lay jëfandikoo buy bey walla góob toolam. Loolu moo tax tool bi jural ko gerte ak dugub ju bari.



Sàmmkat bi mooy nit kiy yore jur gi, di leen toppatoo ak a dundal. Liggeey boobu muy def moo tudd càmm. Càmm gi mën na tax jur gi gën a bari. Moo xam jur gi ci àll bi la walla gi ci kër gi. Ku bëgg a mën a sàmm bu baax, war nga def yëngute yii : dundal jur gi, di leen toppatoo. War nanu yokk jur gi, te fexe ba am jur gu baax. Jur gi bokk na ci liy dundal askan wi, ndax ñoo koy jox meew, yàpp, añs.

Am na yeneen porodiwi yu ñu dul lekk te ñu mën a yokk koom gi. Bokk na ca : der, dunq, béjjen, tos, añs. Bu ñu fàtte ni, jur gi walla mala yi, dinañu jàppale nit ñi ci seen bëgg-bëgg. Dinañu leen jàppale ci seen tool yi. Bu ñuy rëbb, mala yu mel ni xaj dinañu jàppale rëbbkat yi. Am na mala yu ñuy takk sareet, ñuy yeb ay nit ak seen i bagaas. Mala yooyu tax nañu boroom kër yu bari di am deppaas bés bu nekk.



Porodiwi yu bari, ci càmm lañu leen di ame. Càmm, bari na, te wuute. Mën nañu ci ràññee nag yi, xar yi ak bëy yi ñuy sàmm. Am na tamit fas, mbaam-xuux, njanaaw, xaj ak muus yi ñuy yar. Xeeti càmm yii, dinañu indi yokkute ci nit ñi. Dinañu indi tamit yokkute ci réew yiy dund ñàkk walla réew yi lekk gi doyul. Bu ñu fàtte ni tos baax na ci suufu mbey. Tos dinay jóge itam ci càmm. Dina tax ba njureefi tool yi gën a bari, te loolu yokkute lay jur ci am réew. Yokkute su amee rekk, dund bi dafay daldi yomb. Dina tax nit ñu bari yu doon dund ci ñàkk, tàmbali am yaakaar. Càmm, yoon wu wóor la ngir gën a yombal dundu askan wi. Ndawi tey, war nañu ciy yëngu bu baax. Loolu dina leen indil liggeey ci ñàkkum xëy mu bari.




Napp ci Senegaal, am na njariñ ci réew mi ak ci askan wi. Géeju Senegaal, bokk na ci géej yi gën a bari jën ci àdduna bi. Napp bokk na ci li gën a yokk koom-koomu réew mi. Soo taxawee ci tefes, di xool, dinga gis gaal yu baree bari, yuy jaabante ci biir ndox mi. Waaye mala yi ci géej gi, wàññeeku nañu lool. Li ko waral mooy, coppite kilimaa bi ak géej gu tilim gi. Bokk na ca itam, bato yiy jóge bitim réew di nappsi. Loolu moo tax, boroom gaal yi ci réew mi, di nappe fu soree sori. Dinañu def ay fan i fan, ci ndox mi, di soog a mën a jàpp jën yu bari. Ci at yu néew, ci ginnaaw, ci tefes gi doŋŋ la boroom gaal yi daan yem. Teewul daan nañu jàpp lim bu toll ni li ñuy jàpp leegi. Napp am na solo lool ci koom-koomu réew mi. Li nar a yàq alal ji ci géej gi, bari na. Moo tax, war nanu gën a siiwal sàrt yiy wax ni nu war a jariñoo géej gi.




Càmm am na njariñ ci réewu Senegaal. Waaye, napp itam am na solo lool. Xeeti napp yi, bari na ci réew mi. Wenn wu ci nekk, bokk na ci liy yokk koom-koomu réew mi. Ci misaal, mën nanu ràññee xeeti napp yi. Wu jëkk wi, mooy napp gu mag gi, wi ci topp, mooy napp gu ndaw gi. Xeet wi ci mujj, mooy napp mu ànd ak poo. Lépp lu ñu napp ci géej gi, dañu koy dajale ba mu bari, yóbbu bitim réew. Napp googu, mooy napp gu mag gi. Ay àntarpiris-piriwe yu nekk Senegaal ak bitim réew, ñooy def napp googu. Am na itam sàrt yu ko lal. Képp kuy def napp gu mag, war ngaa am kayit gu la may nga napp. Lii, dafay wone ni, am na jamano joo xam ne, duñu may kenn kayit. Kon nag, kenn warul napp, dañuy bàyyi géej gi mu dallu. Képp ku toppul sàrt yooyu, yoon dina dal ci sa kaw.




Ginnaaw napp gu mag gi, am na weneen xeetu napp, wu tudd, napp gu ndaw gi. Napp gu ndaw gi, nappkat yi, ñu ngi koy def bés bu nekk, ci seen biir gox. Ay gaal ak ay saxaari géej lañuy jëfandikoo, bu ñuy napp, napp gu ndaw gi. Li ëpp ci nappkati Senegaal yi, napp googu lañuy def. Napp gi tamit, laaj na nappkat bi koy def, am kayit gi koy bàyyi mu napp ci géej gi. Sarwiisu napp gi ci diwaan bi, mooy joxe kayit googu. At mu nekk, sarwiis bi dina joxe kayit googu. Ci diggante bés bu jëkk ci weeru saŋwiye ak bés bi mujj ci weeru desàmbar, lañuy joxe kayit googu. Ñetti xeeti kayit moo am. Kayit Aa (A), gi ñuy jagleel ñiy napp ci tefes yi. Kayit Bee (B), gi ñuy jagleel ñiy napp ak seen i gaal, lu weesuwul fukki meetar ak ñett. Kayit See (C), gi ñuy jagleel ñiy napp ak seen i gaal, lu weesu fukki meetar ak ñett. Waaye saxaari géej yu mag a mag yi, bàyyi nañu leen ñu napp fépp fu leen neex ci biir Senegaal.



Senegaal, bokk na ci réew yi ñu gën a ràññee ci wàllu napp gu ànd ak po. Way-tukkikat yi bëgg lool xeetu napp gi, dañuy faral di ñëw Senegaal, at mu nekk. Béreb bi ñu taamu, ci diwaan yi gën a bari jën, mooy diwaanu Sigicoor. Li tax way-tukkikat yi taamu Senegaal, mooy, li réew mi bari béreb yu am géej te taaru. Loolu nag, moo leen di xëcc, ñuy ñëw ci réew mi. Ndakaaru ba Ndar, géej a ko leru. Géej goo xam ne ndox mi dafa xaw a sedd. Sigicoor moom, am na dex ak géej. Diwaanu Fatig, am na ay boloŋ, yoon yu sew te ndox mi di fa jaar. Mën nañu ràññee, ci Senegaal, xeeti jën yu bari ci géej gi. Lu mel ni yabooy, gaynde-géej, coof, tas, sompaat, ngóor-sikkim, jënu ndox, sikket-mbow ak kiri-kiri..., am nañu ci géej gi. Am na yeneen xeeti jën yu am ci biir ndox mi. Jën yu bari te wuute, am na ci biir géej gi, moo tax, way-tukkikat yi, bari ci sunu waax yi. Loolu tax na itam, ñu ràññee, ñetti xeeti napp yi nit ñi di def, jublu ci am po.



Xeeti napp yi nit ki di def te jublu ci am po, ñett lañu. Wi ci jëkk mooy, ngay napp ba noppi, boole ci am po. Napp googu, nappkat bi jubluwu ci jàpp ay jën kese. Li mu ci jublu mooy, di féexal xolam, boole ci, di fo ci biir napp gi. Leeg-leeg, mu jàpp jën, téye ko ci loxom, ci diir bu gàtt, dellowaat ko ci biir géej gi. Xeetu napp woowu, mu ngi faral di am, ci géeju Ndakaaru, ci géeju Ndar, ci géeji Sigicoor ak gu Saalum. Ñaareelu napp gi, mooy, di nappee mbaal. Napp googu, mu ngi faral di am ci géeju Ndakaaru. Fu mel ni Ngor, Wakaam ak Yoof itam, dinañu ko faral di amal. Ca Sigicoor ak Saalum tamit, Napp googu am na fa. Ñetteelu xeetu napp wi, ci réewum Senegaal lañu ko gën a ràññee. Ci biir dex gi lañu koy defee. Ci biir ndox mi, dinañu séen ay garab yu seen reen yi féete kaw ak ay jën yu bari te wuute.
Xeeti napp yépp, ñooy xëcc way-tukkikat yi, ñu ñëw nappsi ci réewum Senegaal.



Jën yi jóge ci napp gi, dees na ci defar lu ñuy dunde ci lu mel ni ceebu keccax. Ceebu keccax, bari na ñu koy dunde ci Senegaal. Ceeb bu neex la, laajul deppaas bu bari, te bari na ferñeent. Keccax, jën la, wu ñu soppi, lakk ko. Defar keccax, laaj na, nga xam wan yoon ngay jaar ba defar ko. Yoon wii, ci yi ñuy jaar la ngir defar keccax :

1 - Dangay jël jën yi, raŋale leen ci suuf, muur leen mboob ak xobi filaawoo walla xasum guy. Boo noppee, lakk leen. Yenn saa, nga jël xolliti jën ak dóomu taal, teg ko ci kaw mboob mi. Loolu dina tax, jën yi duñu xëm. Ci diirub ñaari waxtu, nga leen di weer.

2 - Dangay bàyyi jën yi, ñu lakk, ci benn béreb bi, seral leen, faxas dóomu taal bi ci kaw jën yi. Boo noppee seral jën yi, ay waxtu.

3 - Ay paan ngay jël, tàmbalee xolli jën yi, dagg bopp yi, dindi butit yi.

4 - Jël xorom su sew, def ko ci benn paan, jaxase ko ak ndox, suy ko ci jën yi.

5 - Jël jën yi, teg leen ci biti, ñu tàqaloo. Ba noppi, bàyyi leen fa ñetti fan.

6 - Am nga keccax, nga def ko ci pañe, muur ci baas ; mën nga ko denc weer yu bari, di ko jaay walla nga di ko jëfandikoo ko.

# Laaj yi

1 Ñaata xeeti mbey moo am ci Senegaal ? Yan la ?

2 Maxari, ndax mën na am xaalis bu bari ci mbey mi ?

3 Lu tax càmm gi am njariñ ci Senegaal ?

4 Napp gi, ndax yokkute la ci réew mi ? Lu tax ?

5 Keccax, yan njariñ la am ?

# Sunu ekool



# Sunu ekool




Sunu ekool mu ngi nekk ci diwaanu Jurbel, depàrtmaa Bàmbey, arondismaa Làmbaay, ci dëkk bu ñu naan Reefaan. Boo demee Reefaan, sunu ekool moo nga ca diggu dëkk ba. Soreewul lool ak màrse bu mag bi. Am na genn garab gu mag gu nekk ci biir ekool bi.

Ekool bi, fukki kalaas ak ñaar la am. Am na itam dëkkuwaayu jàngalekat yi. Ñetti néeg moo fa nekk. Ëttu ekool bi, yaatu na. Foofu la xale yi di fowee. Ekool bi, fukki jàngalekat ak ñett la am. Kenn ci ñoom, mooy jàngale araab. Jàngalekat yi, ñu sawar lañu. Elew yi itam yaru nañu lool te bëgg jàng. Waxtu wu ñu defee ab joŋante ci njàng, sunu ekool mooy raw. Xale yu bari, ekoolu Reefaan lañu bëgg a jànge.



Am na ekool bu nekk Jurbel, wuute na lool ak sunu ekool bi nekk Reefaan. Ekool boobu, pentiiri kalaas yi yépp ñoo ngi tàmbalee xolleeku. Bunti kalaas yi itam, yu bari dàjjeeku nañu. Yeeneen yi, max gaa ngi leen di lekk. Boo duggee ci biir kalaas yi, xadd baa ngi toj. Boo toogee ci baŋ yi, téen ci kaw, di séen asamaan si. Elew yi dañuy fo di yéeg ci kaw baŋ yi, moo tax yu bari damm nañu. Yenn kalaas yi, buy taw, ndox mi di rogalaat ba tooyal bagaasu elew yi. Palanteer yi, weñ gi xomaag na. Wanag yi, toppatoo bi des na. Elew yu bari bëggatuñu faa dugg ngir xet gu bon ga fay gillee.

Meetar bi, bu toogee dafay aj tànkam yi moo tax itam siisam bi tànk yi damm nañu.

Ekool, moomeelu ñépp la. Elew yu bari ñoo fay jànge. Moo tax ñu war koo fonk te aar ko. War nanu itam sàmm taax yi ak jumtukaay yi bu baax ba sunu rakk yi mën faa jànge.




Nun elew yi, war nanu sàmm bu baax sunu cetug ekool ngir njàng mi mën a ñoŋ. Cet gi nun elew yu góor yi ak yu jigeen yi yépp la war. Moo tax, kalaas bu nekk ci ekool bi, samp nanu fa kureel gi war a saytu cet gi. Am na itam benn porose bu nekk ci gox bi, moo nu jox ay jumtukaay.

Bés bu nekk, balaa nuy door njàng mi, danuy bale kalaas yi ba mu set wecc. Ëttu ekool bi itam, danu koy bale. Wanag wi, bés bu nekk nu raxas ko, sotti ci oddusawel ngir mu jële fa doomu jàngoro yi.

Laata nuy bale, danuy wis ndox ci suuf, ngir pënd bi bañ noo sonal. Su nu balee ba noppi, an mbalit mi, tuuri ko ci pubel ya ñu teg ci buntu kalaas bu ne.

Ayu-bés bu ne, dinanu raxas bu baax kalaas yi. Su boobaa, danuy génne bagaas yi nekk ci kalaas bi. Bu ko defee, nu bale ruq-ruqaat yépp. Bu nu noppee ci kalaas bi, nu for bant yi ak mbuus yi nekk ci ëttu ekool bi.

Loolu moo tax sunu ekool, set wecc. Xale yu bari yu nekk ci dëkk bi, foofu lañu bëgg a jànge




Sunu miiru ekool bi, yaatu na lool. Boo nàtte guddaay bi, toll na ci ñetti téemeeri meetar. Yaatuwaay bi moo gën a tuuti, waaye mat na téemeer ak juroom-fukki meetar. War nanu ko sàmm bu baax, ndax mooy jëmmal taaru ekool bi. Ngir yokk taaru miir yi, dañu faa def ay nataal yu bari. Am na nataalu Lat Joor Jóob mu yéeg fasam wa di Maalaw. Jàmbaar yu bari yu nekk ci réew mi ak ci gox bi, def nañu fa seen nataal yi. Ñoo ngi ko def ngir bëgg elew yi jël ci ñoom ak njàmbaarte. Danoo bëgg itam, xale yi fonk seen cosaan ak seen réew. Ba tey ci miir yi, am na ay bind yu am solo yu fa nekk. Kàddu gu jëkk gi moo ngi ñaax elew yi ñu toppatoo cet gi ci ekool bi. Geneen kàddu, moo ngi leen di tere ñu saw ci miir yi. Am na kàddu itam guy fàttali njariñu kayitu juddu.


Ci gàttal, kàddu yi ak nataal yi nekk ci miir bi, yépp a am njariñ ci askan wi. Moo tax, danoo war a sàmm bu baax sunu miiru ekool ba mu gën a taaru.



Am na ag kureel gu nu samp ngir elew  yi bokk ci liy jëmale ekool bi kanam. Kureel googu, moo ngi tudd gornomaŋu elew yi. Bu nuy taxawal gornomaŋ bi, kalaas bu nekk dafay fal ay ndaw yu ko fay toogal. Kalaas bu nekk ñaari ndaw lay fal, lu góor ak lu jigeen. Bu ñu leen di fal, elew bu bëgg, mën na laaj baat. Ngir mu leer, danuy wote. Elew bu góor ak bu jigeen bu ëppale moom lanuy fal.

Bu nu noppee ci tànnum ndawal kalaas yi, ci lanuy doog a tànn elew yiy jiite. Gornomaŋ bi dina am, persidaŋ, teresoriye ak sekarteer. Dinanu fal itam komisoŋ yiy dimbale biro bi ci liggeey bi. Am na komisoŋ bu yore cet gi ak wér-gu-yaram. Beneen bi mooy yore wàllu ndox mi ak garab yi nekk ci ekool  bi. Am na itam komisoŋ buy saytu koppar yi. Wàllu njàng mi, amal na solo lool gornomaŋ bi, moo tax ñu jagleel ko komisoŋu boppam.

Ci tënk, gornomaŋ bi, tax na ba xale yépp dugul seen loxo ci doxalinu ekool bi.



Sunu ekool, limu elew ya fa nekk, takku na lool. Daanaka, boo ko xaymaa, jege na junni. Am na ay jaaykat yu bari yu fay ñëw. Ci ëttu ekool bi, ci suufu garabu niim gi la jaaykat yi di lal seen njaay mi. Xeetu njaay yu bari am na fa : màngo, gerte, beñe, añs. Am na ay jaaykat yoo xam ne, dañoo set lool. Dañuy muur seen njaay mi ba wenn weñ ak pënd du ko laal. Waaye nag, am na ci ay jaaykat yu sàggan. Dañuy bàyyi seen ñam yi ñuy jaay, weñ yi di ci dal. Loolu moom, lu gaaw a indi jàngoro la. Xale yiy lekk ñam yu baaxul yooyu, dañuy woccu, seen biir yi di daw.

Komisoŋ bi yore wàllu wér-gu-yaram gi, jël na ay dogal tere képp ku lekk ñam yooyu. Dem na itam wax ak jaaykat yi ngir ñu farlu bu baax ci cet gi.

Loolu tax na ba jaaykat yi di sellal seen njaay mi leegi. Moo tax ba xale yu bari amatuñu mettitu biir.



Sunu ekool, béreb la bu bari ay garab. Xeetu garab yu bari am na fa. Am na garab yuy am doom yu ñuy lekk : màngo, siddeem, limoŋ ak soraas. Am na itam, ay garab yu am ker yu sedd. Foofu la elew yi di gën a fowe. Meetar yi, ci garabu niim gu mag gi nekk ci buntu biro direktëer lañuy faral di toog.

Komisoŋ bi yore wàllu ndox mi ak garab yi, jël na ay dogal yu am solo. Fukki elew yu nekk, dañu leen a jox ag garab ngir ñu sàmm ko.

Am nanu itam, ab toolu dër ci gannaw kalaas yi. Xeetu lujum yu bari lañu fay bey. Elew yi dañuy ay-ayloo roose bi. Am na itam ab komisoŋ bu ñu samp mu yore njaayu lujum mi. Tool bi, xaalis bu bari lay jur. Ci lujum yooyu lanuy sàkk bu nuy toggal elew yiy lekk ci kàntin bi. Garab yi ak tool bi nekk ci ekool bi, amal nañu nu lool njariñ, war nanu leen sàmm.



Liggeey yi elew yi war a def ba sunu ekool set, taaru, dafa laaj koom gu bari. Komisoŋ bi yore lijjanti koppar yi, teg na ay pexe yu bari ngir ekool bi am koom. Benn yoon ci weer wi, dinanu amal kermees ci ekool bi. Elew bu ci dugg fay ñaar fukki dërëm. Ci biir kermees bi, am na ay joŋante, xale yi di joxe xaalis ngir bokk ci. Ku raw, ñu jox la ab neexal te du tere ekool bi dajale xaalis bu bari.

Ci sunu ekool bi, nun elew yi, tëral nanu fa ay kótisaasiyoŋ. Kalaas bu nekk, elew bi fa toogal komisoŋ beey lijjanti koppar yi, mooy dajale xaalis bi. Bu weer wi deewee, nu woote ndaje mu mag, waa komisoŋ bi wax nu li nekk ci kees gi. Jëfin wu leer woowu, moo tax benn elew du yeex a kótise.

Am na benn porose bu nekk ci gox bi, dafa nuy may xaalis ngir nu amal ay yëngu-yëngu. Xaalis bi, danu ciy jënd jiwu ngir sunu tool bi. Moo tax itam nu mën a jënd ay jumtukaay ngir suuxat garab yi.

Waa komisoŋ bi yore lijjanti koppar yi, ay jàmbaar dëgg lañu. Sunu ekool am na xaalis bu bari ci keesam.





Meetar yi dañuy def ay pexe ngir sunu ekool bi dox bu baax. Ci njiitu direktëer bi, meetar yi dañuy faral di waxtaan ci seen biir.

Ubbite ekool bi, am na waxtaan wu ñu defoon. Ci lañu tërale benn porose ci espeksiyoŋ bi. Boobu porose, jox nañu ci sunu ekool finaasmaa bu takku. Ci lañu jënde ay garab, jëmbët leen ci ekool. Jumtukaay yi nuy toppatoowe garab yi itam, ci finaasmaa lanu ko jënde.

Weer wu nekk, meetar yi dinañu amal menn ndaje mu jëm ci njàng ak njàngale. Dañuy dugg ci benn kalaas, kenn jàngale ci seen kanam. Bu noppee, ñoom ñépp ñu waxtaan ci liggeeyu jàngalekat bi. Dañuy xool li ci baax, ñu wax ko ngir jàngalekat bi mën ko wéyal. Li am rëq-rëq itam, dinañu ci tegtal jàngalekat bi ay pexe.

Jàngalekati sunu ekool itam, dinañu nu jàppale ci doxalinu gornomaŋi elew yi. Ñoom, ñooy xelal xale yi lu bari ci ay pexe yi ñuy nas.

Elew yi nekk ci ekool yépp, jox nañu jàngalekat yi cër



Sunu ekool, samp nañu fa kureelu wayjur yi. Kureel googu moo yore joqalante bi war a am ci diggante waa ekool bi ak waa dëkk bi. Kureel gi am na njiit, mooy peresidaŋ bi. Boroom dëkk bi, waxambaane yi, jigeen ñi, jàngalekat yi, elew yi, am nañu ndaw yu leen fa toogal. Kureel gi, liggeey bu am solo lay def ci ekool bi.

Ndoortelu at mi, kureel gi dafay woote am ndaje, wax waa dëkk bi li ñu bëgg a def. Bu ñu noppee, ñu xalaat ci lu ñuy def ba am koppar yi muy laaj. Pexe yu bari lañuy tëral ngir am xaalis. Leeg-leeg, ñu tëgg làmb, la ñu fa am ñu def ci ekool bi. Am na itam benn toolu dugub bu ñu jagleel sunu ekool bi. Bu nawet bi wàccee, ñu góob dugub ji. Benn pàcc bi ñu jaay ko, beneen bi, ñu jëfandikoo ko ci kàntin bi.

Koppar yi kureel gi di dajale yépp, ñoo ngi koy dugal ci ekool bi. Kureel gi moo defar bunt yu yàqu yi, miir yu daanu yi ak baŋu elew yu damm yi. Moo tax leegi, sunu ekool taaru lool.

# Laaj yi

1. Ñaata kalaas la sunu ekool am ?
2. Lu tax xale yi sawar a jànge sunu ekool ?
3. Lu tax elew  yi balaa ñuy bale, roose kalaas yi ?
4. Lu tax elew yi war a toppatoo garab yi nekk ci sunu ekool ?
5. Noo gisee jàngalekat yi nekk sunu ekool ?

# Matale ak yaxanal ndox



# Matale ak yaxanal ndox



Mbindeef yi ci àdduna sépp am na lu aju ci ñoom ngir yombal seen dund. Moo xam mbindeef mu dëkk ci kaw suuf la, mbaa ci biiram walla biir ndox walla feneen. Moo xam mala la, nit ba ci garab, ku ci ne am na yu mënul ñàkk ci dundam. Yooyu nag, seenub lim bari ne waaye li ci ëpp solo te ñoom népp ñu soxla ko, mooy ndox. Lépp luy noyyi du mën a dund lu yàgg bu ndox amul. Njëlbeenu nit sax, ndox la moo tax ni boo ko séddalee ñetti xaaj, naari xaaj yi yépp ndox la. Nit ku ne ndox mi muy naan, bokkul ak ndox mi muy jële ci ñam yi muy lekk. Meññeefi garab yi ak lëjum yi ak ñam yi ñuy togg yépp am na ndox. Mbindeef yépp yemuñu nu ñuy jëfandikoo ndox. Garab yu ndaw yi dañu leen di roose bés bu nekk ndax ñu màgg te dund. Mala yi, dañu ciy naan ak a sangu, yenn yi di ci dëkk. Nit, boole naan, fóot, sangu, bey, togg, tabax ak a defar yeneen xeeti naan. Saa su nit naanul ndox, doonte ñetti fan la sax, mu daldi laatikaaf ca saa sa. Moo tax, muy taamu di dëkk fu jege ndox mu bari. Rax-ci-dolli, nit ndox mu set te mucc ayib, mu amul cafka, xeeñul te soppeekuwul la bëgg. Moo tax muy gas ay teen ak ay fooraas ngir am ndox mu set te doy.




Ndox, li muy am njariñ lépp, balaa nit di ko jëfandikoo fàww mu jël ci ay matuwaay. Buy togg mbaa muy raxas ay jumtukaayam walla muy sangu, du ndox mu nekk moo ko mën. Yooyu, ndox mu set mu mucc ci bépp doomu jàngoro moo ci baax. Ndox mu set mën na jóge ci teen, robine mbaa fooraas. Ndox moomu li muy set set, booy nattable set na walla setul sax, danga koy setal.Yenn dëkk yi amul moomu ndox dinañu jëfandikoo ndoxu seyaan waaye dañu koy setal. Ba tey ci yeneen i gox, am na ñu fay naan ndoxu dex. Yooyu ndox nag dafa laaj toppatoo bu baax jëkk ñu koy naan.

Kuy def ndox moo jot naan, sa wér-gu-yaram mën naa am jafe-jafe. Naka noonu, ndox mi ngay raxase ndab yi ak a defare ay njar, bu setul dafay indi lor. Moo tax jamono ju ne, ñi yor wérug yaram ñoo ngi ñaax nit ñi ci wàllu cet. Ngir setal ndox, am na ay yoon yu bokkul waaye dafay laaj pexe yu xereñ. Bi gën a yomb, mooy nga xent ko ak morso bu yaraax te set wecc.

Beneen bi mooy nga def ca fukki liitari ndox yu nekk benn saañu oddusawel.

Ñetteelu yoon wi, mooy tàngal ndox mi ba mu bax bu baax.

Am na yeneen xeet yu gën a mat yu jaaykati ndox yi di def ci ay jumtukaay yu xarala.

Bu ñu bëggee yaxanal ndox mi ba ñépp maase bàyyi yàq gi, dañuy settantal xeeti yàqum ndox yi. Bu ñu leen ràññee ba noppi, xool béreb ya muy ame, doog a wut ay pexe. Li ñu gën a seetlu ci liy yàq ndox, mooy bañ a tëj bu baax robine yi. Loolu dafay am ci ekool yi, daara yi, liggeeyukaay yi, màrse yi ak kër yi. Tiwo bu yàqu ci kaw yoon, biir kër, ekool walla feneen, dina tax ndox ma di walangaan fu ne. Ñenn ñi dañuy dugg ci wanag, génn, bàyyi robine ba muy xelli. Ñeneen ñi, seen caabi robine dafay fuwaare, ñu bañ koo defar, ndox ma di xelli wet gu ne. Kër yu bari, xale yu ndaw a ndaw yi dañuy fo ci robine yi ; di leen ubbi ak a tëj muy sotti rekk.
Yaxanal googu, loxo yépp a ci war a ànd ndax bu ñii di defar, ñii di yàq, dara du baax. Moo tax, dafa war a am ay kureel yuy ñaax nit ñi ngir ñu moytu yàq gi. Boroom xam-xam yi ñoom itam, war nañu di leeral lor yi nekk ci yàq ndox. Bu ko defee, jàngalekat ya ca ekool ya, yar ca seen i elew ba yàq  ga gën a néew foofee. Sëriñ daara yi ñoom itam, yar seen i ndongo ba ñu bàyyi ndox mi ñuy fowee ak a yàq. Bu ñu fexee ba gune yi màggaale jikko yooyu rekk, lépp aw yoon. Mag ñi nekk ci kër yi ak béreb yi ñuy wutee ndox ak di ko jëfandikoo ñuy ñaax ña fa ne.



Ginnaaw leeral yooyu, kiy jariñoo ndox, war naa farlu ci aar ko jamono ji muy root. Loolu mooy fexe ba ngelaw li, salte yi ak pënd bi du ci dugg. Yooyu ñu lim yépp, bu amee, dafay indi ay gàllankoor ci ndox mi. Li ci dolleeku mooy di ub ndox mi waxtu wu ne ak di moytu loxo yu bari. Saytu béreb bi ñuy denc ndox yi ba yiy dox ak yiy naaw ci yenn salte yi duñu ko laal. Moo tax, diggante root ma, yóbbu ba ca kër ya, ba ca denc ba, dara warul sooxe. Ndegam ndox mënul ñàkk, kon war nañu koo jéem a yaxanal bu baax. Sakkanal ndox, mooy yokk sunu koom ak yombal sunu dund. Ndox, njariñ rekk la ba tax ñi ko amul ñépp, di ko jéggaani.

Yeneen xeeti yàq yi, mooy tanq paanu ndox te fekk nga soxla siwo, mbaa tanq siwo te pot rekk doyoon la.

War a jariñoo ndox far ko denc ba amatul njariñ nga tuur ko, yàq la. Ci gàttal, xeeti yàq yi mëneesu leen a lim waaye benn baaxu ci. Béreb bu ci ne, dañuy fey ndox ma ca xaalis ba fa ne. Bu ñu ko feyul, ñu dagg ko, ñépp bokk am jafe-jafe. Kër yiy saytu ndox mi ak di ko feyeeku dañuy bëgg kuy yaxanal ndox. Moo tax, saa su li mu màrke weesoo yenn lim yi, pey gi dafay gën a seer. Loolu tax na ba moytu yàq ndox ak yar ci njaboot gi, dina noppal wayjur yi.






Kenn ku ne ci askan wi, fa mu féete, war na farlu bu baax ci lépp luy ñoŋal ndox mi.
Ku nekk di wattandiku yàqum ndox mi, di jéem a defar robine yu yàqu yi ak tiwo yu bënn yi. Ku mënul a defar nga yëgal ko ñi yor liggeey boobu. Liy ñoŋal ndox mi dafa jëm ci ñaari fànn : yaxanal ko ak aar ko ci bépp ayib. Gox yi nga xam ne ndox ma dafa bari, kenn waru koo yàq, rawatina yeneen ya ndox néew. Ngir ndoxi teen yi ñoŋ, nañu leen wutal ay kubeer yu ñu koy tëje bu ñu rootee ba noppi. Loolu dina tax xale yi ak ñi am feebaru xel, bañ cee sànni ay salte.
Di ci sotti oddusawel leeg-leeg itam, baax na ci ngir faagaagal doomi jàngoro yi ci nekk. Ñiy saytu fooraas yi, war nañuy bàyyi xel ci mbànd miy denc ndox mi. Lu ko moy, bu feesee, ndox mu bari dafay tuuru ci suuf. Balaa ñuy séddale ndoxu mbànd mi ci tiwoo yi, war nañu koo ubbi ngir sotti ci oddusawel ak yu ni mel. Ñi féete ci gox yi am dex, jaadu na, ñu fexe ba kenn du ca sotti ay mbalit. War nañoo aar dex gi ci petorol, isaas bi ak lépp luy tilimal mbaa soppi ndox ma. Loolu, dafay laaj ñu samp ay kureel yuy ñaax nit ñi ba ñépp xam musiba yi ci nekk. Ndox mu setul, dina sooke xeeti jàngoro yu bari. Moo tax, ñiy farlu ci naan ndox mu set, mucc ci yooyu jàngoro.



Réew yi ci àdduna sépp, seen xelaat dañu koo jëme ci wàllu ndox. Xam nañu ne ndox moo yor dundu doomu aadama, mala ak garab yi, ba tax ñu yokk seen i jéego. Jafe-jafe bi ci gën a fés ci gox yi ak réew yépp, mooy ndox mi doyul fenn. Rax-ci-dolli, nit ñi dañuy gën di yokku, di gën a soxla ndox. Boo jëlee réewum Senegaal, fooraas yi dajul fépp te yenn gox yi, teen ya dañoo tëj. Ci yeneen i gox yi, teen ya dañoo déy te dex amu fa. Moo tax, ñu bari ci dëkk yooyu, dañuy takk seen i sareet ngir wuti ndox saa su ne. Bari na lool ay fooraas yoo xam ne la ñuy xelli ci ndox, doyul waa gox ba.
Li ci ëpp ci fooraas yooyu, dañuy taxaw leeg-leeg ndax ndox ma ñuy xelli, doyatul waa gox ba. Nguur gi mënul saafara soxla yépp, moo tax ñi leen di jàppale ci yeneen réew, di leen gasal ay fooraas. Moo tax réewum Senegaal itam sóoraale na lool mbirum ndox ci seen nas yépp. Loolu yépp nag, terewul jafe-jafe yi ñu ngi fi, ndax ñàkk a am lu ñu ko defe. Li fi sës kon, mooy ñu seet nu ñuy jëfandikoo li jàppandi ci ndox. Jëfandikoo googu, gën nañu ca taamu, cet gu mat sëkk te ànd ak yaxanal. Nguur gi moom dafa war a jukki ndoxu dex yi, toppatoo ko ba ña fa féete mën ca di naan te duñu loru. Askan wi ak Nguur gi, dañoo war a lëkkaloo, ku nekk bey sa waar ci liggeey bi.



Yaxanal ndox, li muy baax baax, dafa am jamono ju muy yomb ak jamono ju muy jafe lool. Waxtu sedd, nit ñi duñu jëfandikoo ndox lu bari ndax, naan bi ak sangu bi, dafay néew te soree. Bu ko defee, ndox mi dafay sakkan lool ci yooyu jamono. Su dee waxtu tàngoor nag, nit ñi dañuy naan ak a sangu lu bari, jur gi itam noonu. Ci loolu, li ñuy jëfandikoo ci ndox dafay jéggi dayoo. Bu dee jamonoy nawet nag, ndoxum taw mi mooy waral ndox mi ñu root sakkan.
Yaxanal ndox mi, mu ngi aju ci ku nekk, ni sa soxla tollu. Ki soxla naan, sangu, fóot, togg mënul yem ak ki ci boole yar coggalu jur. Naka noonu, ki boole mbeyum noor ak di sang jur gi leeg-leeg, mënul bokk ak kiy naan, sangu ak fóot.
Mu ngi mel ni boroom kër gu néew ag njaboot ak gu am njaboot gu sakkan lool. Ñooñu ñaar, seen soxla ci ndox yemul, ba tax na duñu mën tudde loolu yàq ndox walla sakkanal. Ki bari ndox lool te dëkk ci sakkanal ndox mi, di ci ñaax waa këram, mooy yaxanalkat. Bokkul ak ki bari ndox te di ko yàq, waa këram naka noonu, te du ñaax kenn ci ñu yaxanal ko. Kooku mooy yàqkat dëgg bi waral coow li. Réew mu nekk ak na ñuy jëfandikoo seen ndox. Foo ci dem, kilifay réew ma ñooy fexe ba yar askan wa ci yaxanal ak setal ndox.




Fii ci Senegaal, dëkk yu bari, ñoo ngi jële seen ndox ci déeg yi, dex yi ak géej gi. Ndox yi ci biir suuf, dex yi ak géej yi dañu leen di toppatoo bu baax doog leen a naan. Toppatoo googu, mooy fexe ba tàggale ndox mi ak xorom si. Boo noppee, nga jublu ci setal ko ci xeeti salte yépp. Kiy foot ak a raxas mbaa muy wëgg ag jur du jar yenn coono yi. Yenn dëkki kaw yi, amuñu ndox yuy daw ni dex walla géej. Moo tax, ñoom ndoxu teen ak fooraas lañuy naan. Ndoxi teen yi ak fooraas yi li ci ëpp duñu am xorom waaye du tere ñu setal leen.
Ndoxu déeg yi, mën nañu cee roose tooli dër yi ak di ci sang jur gi. Te loolu, dina tax ndox yi ñuy naan gën a sakkan. Bu dee kuy bey, mbey mu mag lool, dafay fexe ñoddi ndoxu dex yi. Sàmm yu mag yi itam mën nañoo wëgg seen coggal yi ci dex yi. Ñi yor jur gu bari te am jafe-jafe ndox, leeg-leeg, ñuy màng ak jur gi ngir dabu ndox mi. Sàmm yooyu dañuy am ay gàllankoor ndax jukki bi dafay metti, bu jur gi baree. Bu dee fooraas itam, sàmm yi yor ay coggal, peyu faktiir yi dafay seer lool ci ñoom. Moo tax, sàmm yi dañuy faral di sàkku nguur gi dimbali leen ci ay fooraas ngir yombal seen dund.



Yaxanal ndox mi ak di ko setal, lépp dafay aju ci askan wi ak seen i bëgg-bëgg. Lu seen lim di gën a yokku, seen jafe-jafe ndox di gën a bari. Ba tey limu gox yi bu yokkoo, askan wi dafay gën a soxla ndox. Waaye askan wi dañuy soxla ndox mu bari ngir yokk yëngatu yi leen di may ag koom. Yenn gox yi, seen gàllankoor, mooy ñàkk ndox mu neex. Bu dee taax ya, ñenn ñi dañuy jënd ay bidoŋi ndox ci sareet yiy wër. Ñeneen ñi am xaalis, di jënd ca bitig ya, ndox mi isin yi di liggeey. Waa kow ga ñoom, dañuy takk ay sareet dem ca dëkk ya am ndox mu neex.

Ndoxu taw bi dina yombal mbey mi ci dëkku kow yi ak sax ñay bey ca taax ya. Waxtu nawet, taw yu jëkk yi dañuy bari waaye dañuy ŋiis bu taw yi soreentee. Bu ndox mi baree lool ci biir nawet bi, déeg yi dañuy bari te dañuy fees. Yooyu jamono nag, waa taax ya dañuy bari lool jafe-jafe ndax ndox yu taa ya. Yenn gox ya dafay fees dell ba ndox ma far nangu yenn dëkkuwaay ya. Bu ko defee, sàppëer yi dañuy sonn lool ci manq ndox ma. Ñu bari ca askan wa dañuy mujj génn seen i kër ndax ndox ma ca néeg ya. Ndox mu bari moomu, def ay taa-taa ba fees yenn gox yi, lañuy woowe mbënn.



Mbënn moomu, bari na lu muy sonal waa Ndakaaru ndax ndox ma du gaaw a ŋiis. Li ko waral mooy kër ya dañu koo dër ba mu daj, mbedd yépp ñu tali leen. Moo tax saa su taw ya tegaloo, kër ya ak mbedd ya fees dell ak ndox. Leegi sax, daanaka, dëkku taax yu mag yépp mbënn mi egg na fa. Bu dee gox yi mel ni Bàmbey, suuf sa mooy teye ndox ma ba du gaaw a ŋiis. Bu ko defee, lu taw bi tuuti tuuti, mbedd ya ak kër ya def ay déeg. Pexe mi ci gën a mucc ayib, mooy gas ay mburgël yu yaatu te xóot yuy yóbbu ndox ma. Loolu itam, dafay laaj koppar yu takku lool te nguur gi mënu koo matale ci gox yépp.
Saa yu mbënn mi amee ci ab dëkk, kër yu bari ndox ma dafa leen di nangu. Bu ko defee, ña fa dëkkoon dañuy tumurànke ay dëkkuwaay. Ngir taxawu leen, ñenn ñi, dañu leen di abal fu ñu dëkk ba nawet bi wàcc. Ñeneen ñi, ñu yóbbu leen ca ekool ya, ñu féete fa ak seen njaboot. Loolu itam dina metti lool ci ñoom ndax yoo yi ak gunoor yi dañu leen di sonal lool. Moo tax, Nguur gi ak ñenn nit ñi di leen yóbbul ay ndimbal yu takku ngir jàppale leen. Bu ekool ubbee, génne leen fa du yomb. At yii, mbënn mi xaw naa wàññeeku waaye terewul waa taax yi di am njàqare saa su nawet jegesee.

# Laaj yi

1 Bu nit ñàkkee naan ndox ñetti fan, lan moo koy dal ?

2 Limal ñetti yëf yu ñu war a def ngir ndox mi du tilim bay lor kenn ?

3 Lan mooy wone ci nettali bi ne Senegaal am na jafe-jafey ndox ?

4 Lan moo tax jamonoy sedd ak nawet, gën a yomb ci sakkanal ndox ?

5 Ban xalaat nga am ci yàqum ndox ak naan ndox mu sellul ?

Ce livret gradué a été conçu et imprimé grâce à l'appui généreux du peuple américain
à travers l'Agence des Etats-Unis pour le Développement International (USAID).

USAID
DU PEUPLE AMERICAIN